



# Aplikasyon Asirans Pou Fanm Ansent Yon Pwogram Medicaid Espesyal

**Dat Biwo a Resevwa Tenm:**

|  |        |      |                |             |  |                |
|--|--------|------|----------------|-------------|--|----------------|
| <b>Non:</b>  | Prenon | M.I. | Non Fanmi      | Non Jenn Fi | Kòd Rejyonal<br>( )  | Nimewo Telefòn |
| <b>Rezidans:</b>   | Nimewo | Ri   | Nimewo Apatman | Vil         | Konte  | Èta            |
| <b>Adres Postal</b> (obligatwa si li pa menm ak sa ki anwo a): |        |      |                |             | Si pa gen telefòn nan kay la, endike nimewo yo kapab jwenn ou<br>( ) |                |

1. Kimoun ki ansent lakay ou? \_\_\_\_\_
2. Èske li gen Medicaid?  Wi  Non
3. Èske gen yon *Healthy Start Screening* ki fèt deja?  Wi  Non  Pa Konnen **Si respons lan se non oswa ou pa konnen, mande doktè ou pou fè youn.**
4. Dat Akouchman ki Prewwa: \_\_\_\_\_
5. Endike tout moun k ap viv nan kay la (mete non w anvan):

**\*\* Se fanm ansent lan sèlman ki dwe endike Nimewo Sekirite Sosyal li ak sitwayennte li oswa nimewo ID INS li.**

| Prenon | M.I. | Non | Relasyon ak Fanm Ansent lan<br>(Reponn poukont ou) | ** Nimewo Sekirite Sosyal | Dat Nesans | Ras | Sèks | Ou se Sitayen Ameriken? |     | ** Si repons lan se non, endike Nimewo ID INS ou | Dat Antre | Ou aplike pou Medicaid? |     |
|--------|------|-----|--|---------------------------|------------|-----|------|-------------------------|-----|--|-----------|-------------------------|-----|
|        |      |     |  |                           |            |     |      | Wi                      | Non |  |           | Wi                      | Non |
|        |      |     |  |                           |            |     |      |                         |     |  |           |                         |     |
|        |      |     |  |                           |            |     |      |                         |     |  |           |                         |     |
|        |      |     |  |                           |            |     |      |                         |     |  |           |                         |     |
|        |      |     |  |                           |            |     |      |                         |     |  |           |                         |     |

Si gen plis moun nan kay la, ajoute enfòmasyon yo nan yon lòt fèy papyè, ansanm avèk enfòmasyon sou revni yo (kantite lajan y ap touche).

6. Èske papa tibebe ki poko fèt la ap viv nan kay la tou?  Wi  Non Si repons lan se wi, endike non li: \_\_\_\_\_
7. Ou dwe bay tout enfòmasyon sou tout moun ki endike nan lis nan senkyèm pati a ki anwo a. Men, si w gen 21 ane oswa plis, ou pa oblije bay enfòmasyon sou **paran w yo oswa sou sè ak frè w yo.**

| Non moun k ap Resevwa Revni an | Sous Revni an (sètadi ki kote li resevwa revni an) | Revni Bri (Anvan Dediksyon) | Konbyen fwa moun nan resevwa kantite lajan sa a? (pa semenn, chak 2 semenn, pa mwa) | Lòt Enfòmasyon                     |
|--------------------------------|--|-----------------------------|---|------------------------------------|
|                                | Djòb ou pou Kounye a: Non Patwon an                |                             |   | Adrès Patwon / Nimewo Telefòn:     |
|                                | Djòb ou pou Kounye a: Non Patwon an                |                             |   | Adrès Patwon / Nimewo Telefòn:     |
|                                | Alokasyon Alimantè pou Timoun                      |                             |   | <b>Depans pou Gadri akòz Djòb:</b> |
|                                | Sekirite Sosyal / SSI                              |                             |   | Moun ki peye a:                    |
|                                | Alokasyon Chomaj                                   |                             |   | Moun ki resevwa Peman an:          |
|                                | Lòt Revni – Endike ki kalite:                      |                             |   | Non Timoun yo peye gadri a:        |
|                                |  |                             |   | Montan ki peye: \$ Konfyen fwa:    |

8. Èske fanm ki ansent lan gen asirans maladi?  Wi  Non Si repons lan se wi, endike non konpayi asirans lan: \_\_\_\_\_
9. Èske fanm ki ansent lan gen Medicare?  Wi  Non Si repons ou se wi, ki nimewo Medicare la? \_\_\_\_\_
10. Èske gen nenpòt bòdwo medikal ki poko peye pou fanm ansent lan pandan twa (3) dènye mwa yo?  Wi  Non Si repons lan se wi, endike ki mwa: \_\_\_\_\_

**TANPRI REMAKE: Ou gen obligasyon pou bay prèv ou ansant. Pou asire tretman aplikasyon w lan byen vit, mete prèv gwoès ou resevwa nan men yon pwofesyonèl medikal.**

**SÈTIFIKASYON AK OTORIZASYON:** Mwen sètifye sou risk penalite pou fo temwayaj enfòmasyon mwen mete nan fòm aplikasyon sa a vrè epi kòrèk selon tout sa mwen konnen. Mwen rekonèt enfòmasyon mwen bay yo dwe konsève an sekre annakò avèk lalwa leta Florid ak lwa federal yo. Mwen bay otorizasyon pou yo divilge enfòmasyon finansyè ak medikal mwen yo pou yo kapab detèmine elijiblite, epitou mwen otorize pwogram Medicaid, pwogram MomCare, pwogram Healthy Start Care Coordinator, pwogram WIC, ak pwogram DCF oswa ajan yo pou yo kontakte mwen oswa pwofesyonèl medikal mwen yo konsènan patisipasyon mwen nan pwogram swen prenatal (swen anvan akouchman) ak nan pwogram akouchman. Mwen rekonèt yo pral verifiye enfòmasyon mwen bay yo, sa kapab gen ladan verifikasyon dosye nan ôdinatè epitou yo kapab mande mwen pou m bay lòt enfòmasyon. Mwen li epi konprann dwa ak responsablite mwen genyen yo. Kòm yon kondisyon pou patisipasyon nan pwogram Medicaid la aplikan an dakò pou yo revize ak divilge tout dosye medikal yo kwè ki nesèsè nan administrasyon plan Medicaid leta a.

**Siyati Aplikan an:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

## Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Medicaid

Fòm Medicaid sa a se pou fanm ki ansent sèlman. Department of Children and Families ap fè w konnen si w elijib pou w resevwa pwogram Medicaid:

- Ou gen dwa pou aplike menm jou ou kontakte biwo a sou pwogram Medicaid la.
- Ou gen dwa pou w resevwa Medicaid si w elijib.
- Ou dwe ede nou detèmine elijiblite w. Pou w fè sa, ou dwe ban nou enfòmasyon yo oswa ou dwe pèmèt nou jwenn enfòmasyon yo nan lòt biwo, avèk konparezon done yo tou.
- Ou dwe ban nou enfòmasyon detaye ak kòrèk sou tout moun k ap viv lakay ou nan premye aplikasyon an epi chak fwa nou an kontak.
- Ou dwe ban nou Nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN) ak sityasyon sitwayèn ou. Ou pa gen pou w ban nou SSN oswa sityasyon sitwayèn lòt moun k ap viv nan kay la. Si w ta ban nou SSN yo, n ap itilize enfòmasyon sa a pou verifye revni an (kantite lajan y ap touche). SSN pa divilge nan INS. Si SSN lòt moun yo pa nan fòm aplikasyon an, ou kapab bezwen pou pwouve revni yo.
- Nou kapab tcheke tout enfòmasyon ou bay yo, epitou nou kapab verifye yo nan òdinatè. Nou gen obligasyon pou nou konsève enfòmasyon ou bay yo an sekre.
- Ou dwe enfòme nan egzakteman 10 jou sou nenpòt chanjman ki genyen kote w ap viv la oswa sou kantite moun k ap viv nan kay la.
- Laj ou, kwayans ou, enfimite ou, eta sivil ou, nasyonalite ou, koulè ou, ras ou, sèks ou, relijyon ou oswa konviksyon politik ou p ap gen okenn efè sou demand ou oswa sèvis ou.
- Ou gen dwa pou ale annapèl kont nenpòt desizyon ki adopte sou ka w la.
- Sou risk penalite pou fo temwayaj, ou dakò tout sa w ekri sou fòm sa a vrè, selon tout sa w konnen.
- Si w ta fè espere ou mal entèprete verite a, oswa ou ta fè espere pou w ede yon moun mal entèprete verite a, ou kapab resevwa pinisyon anba swa lwa federal yo swa lalwa leta oswa toul de. Si w ta jwenn asistans medikal san w pa ranpli kondisyon pou sa, ou kapab blije remèt valè lajan asistans sa a. Ou kapab resevwa tou lòt penalite sivil.
- Ou dwe asiye dwa ou ba peman twazyèm pati a epitou ou dwe kolabore nan rapòte kontra asirans medikal la.
- Ou dwe rapòte tout chanjman san pèdi tan, men pa pita pase 10 jou apre chanjman an.
- Ou pa dwe patisipe nan okenn move itilizasyon asistans medikal ou.



**Return completed form to local office address shown below:**

**Sonje . . .  
Swen Prenatal enpòtan  
pou ou ak pou bebe ou!.**

## Asirans Maladi pou Fanm Ansent



*Yon Pwogram Medicaid Espesyal*

Pou enfòmasyon oswa èd pou ranpli fòm aplikasyon sa a, rele biwo lokal DCF ou.

## Asirans-Maladi pou Fanm Ansent Yon Pwogram Medicaid Espesyal

**Lè w jwenn swen medikal bonè oswa swen medikal regilye anvan w akouche, sa kapab ede w akouche yon tibebe ki an sante.** Vizite doktè ou, fanmsaj ou oswa klinik lan imedyatman ou panse ou kapab vin ansent.

Pwoteksyon sa a kapab ede peye pou swen enpòtan sa a. Si w ansent, ou kapab kalifye pou patisipe nan pwogram Medicaid espesyal sa a.

### Pou aplike:

- 1) ranpli fòmilè aplikasyon senp sa a,
- 2) mete dokiman ki pwouve ou ansent; ou dwe jwenn dokiman an nan men founisè swen medikal ou, epi
- 3) poste, fakse oswa pote li nan biwo lokal DCF la.

Si w genyen kesyon konsènan pwogram sa a, si w bezwen èd pou ranpli aplikasyon sa a oswa si w bezwen konnen adrès biwo DCF oswa nimewo faks biwo DCF, tanpri rele nan nimewo 1-866-762-2237.

Nou gen dwa kalifye pou manje ak konsèy nitrisyon gratis tou nan pwogram WIC (Women, Infants, and Children Program). Pou infòmasyon, ale nan [www.FloridaWIC.org](http://www.FloridaWIC.org) oubyen rele 1-800-342-3556.

Si w bezwen èd pou jwenn swen medikal, rele nan nimewo 1-800-451-2229.

Aprè yo fin apwouve w pou Medicaid, ou ka resevwa yon lèt ki asiyen ou ba yon Medicaid HMO. Si sa fèt, ou ka rele Medicaid Options (Chwa Medicaid) nan nimewo 1-888-367-6554 pou verifye si w ka retire anwolman ou oswa sispann asiyasyon an.

**ATANSYON MOUN K AP APLIKE:** Detache fèy sa a anvan w poste aplikasyon w lan oswa anvan w retounen li.

### Limit Revni pou Asistans Medicaid pou Fanm Ansent:

Si lajan moun k ap viv lakay ou ap touche pi piti pase 185% nivo federal povrete, ou kapab kalifye pou resevwa asistans Medicaid. Pou detèmine elijiblite ou, nou gade kantite lajan moun lakay ou ap touche anvan taks ak kantite moun k ap viv lakay ou (avèk tibebe ki poko fèt tou). Nou aksepte yon dediksyon estanda ak sèten depans pou travay endepandan.

### Enfòmasyon nou bezwen pou trete aplikasyon ou:

**\*\* Gen yon nouvo lwa ki egzije sitwayen ameriken yo pou yo bay dokiman ki pwouve yo se sitwayen ameriken ak dokiman ki idantifye yo anvan nou kapab apwouve aplikasyon ou.**

1. Dokiman ki pwouve ou se sitwayen ameriken (egzanp, batistè) oswa sityasyon ki montre ou pa sitwayen ameriken
2. Dokiman ki montre idantite ou (egzanp, Pèmi kondui)
3. Dokiman ki pwouve ou ansent, avèk tou kantite tibebe w ap tann ak dat ki prevwa pou w akouche
4. Nimewo Sekirite Sosyal Ou
5. Dokiman ki pwouve w ap viv nan Eta Florid
6. Dokiman ki montre kantite lajan moun k ap viv lakay ou touche pandan omwen 4 semenn a
7. Lòt pwoteksyon asirans-maladi, si genyen

Aprè w fin anwole, pwogram nan ap pwoteje **swen medikal ak ospitalizasyon** pandan w ansent lan jiska 2 mwa aprè akouchman ou. Li kapab pwoteje tou bòdwo medikal ou te resevwa jiska 3 mwa anvan w anwolman ou. Ou p ap peye anyen pou pwoteksyon sa a.